



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ RICARDO ROSSELLÒ FÈ YON REKÈT OFISYÈL, DE YON GOUVÈNÈ A YON LÒT, POU MANDE GOUVÈNÈ CUOMO PWOVIZYON AK SÈVIS DIJANS APRE DEVASTASYON SIKLÒN MARIA

Gouvènè Cuomo, Enjenyè NYPA, Tradiktè ak Sipèvizè, epitou Dwòn DEC ak Pilòt pou Dwòn sa yo, pral Vwayaje Pòtoriko pa Premye Vòl ki Disponib – sa gen dwa Menm Demen Maten - Pou Ede nan Rekonstriksyon Rezo Elektrik la

Yon Avyon JetBlue pral Transpòte Ekipman Dijans al San Juan

Gad Nasyonal New York an Disponibilite pou Pati nan Jou k ap Vini yo

New York te Pwomèt pou ede Moun Pòtoriko avèk Jefò Sekou ak Retablisman Aprè Pasaj Maria

Jodi a, Gouvènè Ricardo Rosselló fè yon rekèt ofisyèl, de yon gouvènè a yon lòt, atravè Kontra Jesyon Asistans Dijans la (Emergency Management Assistance Compact), pou mande Gouvènè Andrew M. Cuomo pou pwovizyon ak sèvis pou ede jefò retablisman k ap fèt Pòtoriko apre devastasyon Siklòn Maria. Pou reponn a demann sa a, Gouvènè Cuomo pral vwayaje Pòtoriko ansanm avèk otorite repons dijans yo sou premye vòl ki vin disponib – se gen dwa menm demen maten – epitou avèk espesyalis ki pral jwe yon wòl enpòtan pou retabli elektrisite sou zile Pòtoriko apre destriksyon sistèm elektrik li yo. Anplis de sa, New York pral livre tout yon seri ekipman dijans sou yon avyon JetBlue fè kado.

Otorite Elektrisite New York la (New York Power Authority, NYPA) ap voye tou 10 enjenyè, planifikatè, sipèvizè teknik ak tradiktè, ansanm avèk dwòn ak de (2) pilòt dwòn ki soti nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) pou fè evalyasyon e rekonstwi rezo elektrisite Pòtoriko. Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te bay Gad Nasyonal Lame New York la (New York Army National Guard) lòd pou yo rete an disponibilite pou ede avèk jefò retablisman nan jou k ap vini yo.

“New York se lakay plis Pòtoriken pase nenpòt ki lòt eta nan peyi a, e kè n ap chire lè n ap panse a frè ak sè nou yo nan peyi Pòtoriko, ki gen pou rebati apre devastasyon inimaginab Siklòn Maria”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou voye resous ak pèsonèl yo mande nou, pou ede rebati zile a, e n ap kole zepòl avèk kominote Pòtoriken an nan moman difisil sa a.”

Gouvènè Ricardo Rosselló te di. “Aprè pasaj Siklòn Maria, mwen fè yon rekèt ofisyèl, de yon gouvènè a yon lòt, pou mande Gouvènè Cuomo ak Eta New York bay pwovizyon, sèvis ak ekspètiz ki esansyèl pou ede nou evalye devastasyon an e devlope yon plan retablisman. Pòtopriko sot pase yon tray, e nou gen anpil chans pou nou gen zanmi tankou Gouvènè Cuomo ak moun Eta New York ki gen bon relasyon avèk nou, e yon bèl istwa. Mwen vle remèsye Gouvènè a ki aksepte envitasyon mwen te lanse pou l te vwayaje vin Pòtoriko, epitou moun New York ki toujou kanpe avèk nou nan moman difisil. Nou kontan soutyen yo ba nou nan kad rekonstriksyon peyi a.”

Robin Hayes, Prezidan ak Direktè Egzekitif JetBlue, te di konsa, “Se yon onè pou n soutni vòl sekou sa a, ki se premye pami plizyè lòt k ap vini, pou ede moun Pòtoriko reprann yo apre evènman terib sa a. Tout viktim yo nan kè nou. Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan efò retablisman yo, ansanm avèk Gad Nasyonal la pou jan yo ankadre moun Pòtoriko sou teren an. Kòm pi gwo liy ayeryèn nan Pòtoriko, nou nan yon pozisyon san parèy pou met tèt ansanm avèk yo pou soutni ekipaj nou an, kliyan nou yo, ak kominote atravè zile a.”

Anvan li ale, Gouvènè Cuomo met sou pye yon kowalisyon òganizasyon pou bay senten byen ak resous enpòtan sou demann Gouvènè Rosselló. Otorite Elektrisite New York la pral reponn a demann Otorite Elektrisite Pòtoriko (Puerto Rico Electric Power Authority, PREPA) e voye yon ekip pou evalye domaj onivo transmisyon. Ekip la pral gen ladan 10 anplwaye pami lèkèl sipèvizè transmisyon, enjenyè jenerasyon ak transmisyon, planifikatè transmisyon, ak tradiktè, ansanm avèk dwòn ak de pilòt dwòn Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal.

Misyon NYPA/DEC se pral ede PREPA:

- Fè yon evalyasyon konplè domaj nan sistèm jenerasyon, transmisyon ak distribisyon yo;
- Bay travay reparasyon ak rekonstriksyon priyorite; e
- Fasilite kowòdinasyon ki genyen ant PREPA ak Konsèy Ameriken Kowòdonasyon Kouran nan Souseksyon (U.S. Electricity Subsector Coordinating Council) ki gen ladan òganizasyon nasyonal sèvis komèsyal, tankou Asosyasyon Ameriken Elektrisite Piblik (American Public Power Association), Enstiti Elektrik Edison (Edison Electric Institute), Asosyasyon Nasyonal pou Kowoperasyon Elektrik Riral (National Rural Electric Cooperative Association) ak ajans federal ki enpòtan yo, tankou Ajans Federal Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency), Depatman Enèji (Department of Energy) ak Depatman Sekirite Nasyonal (Department of Homeland Security), pou kowòdone resous asistans mityèl yo dwe deplwaye nan Pòtoriko apre nou fin fè evalyasyon konplè domaj yo.

Delegasyon Gouvènè Cuomo rasanble a gen ladan ekspè ki gen yon seri eksperyans nan jesyon ensidan ak rekipasyon apre dezast onivo lokal, eta ak federal, nan jere kriz tankou Gwo Tanpèt Sandy, Ouragan Irèn ak Tanpèt Twopikal Lee. Pandan evalyasyon an, delegasyon an pral itilize ekspètiz sa a nan travay ansanm ak ofisyèl Pòtoriko yo pou detèmine eta enfrastrikti enpòtan yo epi tou idantifye kijan pou pi byen alwe resous yo.

Delegasyon an gen ladan:

- Kolonèl Isabel Smith, Chèf Pèsonèl, 53^{yem} Kòmann Twoup, Gad Nasyonal New York;
- Roger Parrino, Komisyonè Depatman Sekirite Nasyonal ak Sèvis pou Ijans (Department of Homeland Security and Emergency Services);
- Gil Quiniones, Prezidan ak Direktè Jeneral Otorite Elektrisite New York;
- Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè a; ak
- Robert Mujica, ki se Direktè Bidjè Leta New York.

Pandan sezon siklòn sa a, ki enprevizib, ki pote destriksyon, e ki te pwodwi Siklòn Harvey, Irma, Jose, e kounye a, Maria, Eta New York te kontinye soutni zòn ki te afekte pandan tanpèt devastatè sa yo. 26 out, Gouvènè Andrew M. Cuomo te deplwaye avyon, bato ak avyatè ki soti nan 106^{yem} Depatman Sovtaj (106th Rescue Wing) Gad Nasyonal Ayeryen New York la (New York Air National Guard) pou ede nan efò pou repons a Ouragan Harvey a nan Texas ak Louisiana. Gouvènè Cuomo te deplwaye yon Ekip Jesyon Ensidan (Incident Management Team, IMT) Eta 30 manm, yon resous ki se yon ajans plizyè eta pou tout risk ki ale Texas nan dat 31 Out pou ede ak repons ak efò rekiperasyon apre Siklòn Harvey.

7 septanm, touswit apre Siklòn Irma, Gouvènè Cuomo te deplwaye 130 avyatè ki soti nan 106^{yem} Depatman Sovtaj Gad Nasyonal Ayeryen New York la, twa elikoptè reskous HH-60 Pave Hawk, de avyon reskous ak rechèch HC-130 ak twa bato reskous gonflab Zodiac pou kapab asiste nan efò reskous ak rechèch inisyal yo. Yo te deplwaye tou NYTF-2, Ekip Iben Rechèch ak Sovtaj Eta a (Urban Search and Rescue Team) ki te vwayaje al Eta Florid pou kore jefò Sèvis Ijans Laflorid (Florida Emergency Services). Ekip la te retounen 18 septanm.

Nan dat 11 Septanm, 10 Elikoptè Blackhawk UH-60 ak 55 sòlda ki soti nan 42^{em} Brigad Avyasyon Konba (Combat Aviation Brigade) Gad Nasyonal Lame New York la te deplwaye pou kapab asiste an repons a Siklòn Irma nan Florida. An plis, Avyatè nan 105^{em} Paviyon Transpò Ayeryen an (105th Airlift Wing) te deplwaye yon ekip kominikasyon pa satelit ak sèt manm nan Mississippi nan yon avyon C-17 nan dimanch, 10 Septanm nan kad repons a Siklòn Irma ak soutyen pou Gad Nasyonal Florida a (Florida National Guard). 124 Avyatè nan 106^{yem} Eskad Sovtaj Gad Nasyonal New York la te deplwaye nan Texas alaswit Siklòn Harvey epi separeman nan Pòto Riko alaswit Siklòn Irma.

Aprè yon apèl Gouvènè Mapp nan Zile Vyèj Etazini, Gouvènè Cuomo ak ekip evalyasyon eta a te vizite zòn ki te domaje nan Zile Vyèj Etazini pou idantifye kijan New York te ka pi byen kontinye ede zòn ki afekte yo lè yo kòmanse pwosesis retablisman an.

New York gen yon istwa long nan ede lòt eta yo apre dezast natirèl yo. An plis de voye asistans similè nan Florida apre Siklòn Matthew, Frances, Ivan ak Dennis, New York te deplwaye yon ekip milti ajans de plis pase 300 moun pou kapab asiste Louisiana apre Siklòn Katrina, epi tou yon lòt ekip ki te gen 18 manm apre Siklòn Gustav lan.

###

